
GEN CHANJMAN KI FÈT NAN MANYÈL POU MANM YO POU METE PLIS SÈVIS

Sèvis Sant Sante nan Lekòl

Apati **1ye Me 2025**, MetroPlusHealth ap kouvri sèvis Sant Sante nan Lekòl (SBHC) yo.

Kisa sèvis SBHC yo ye?

Yon SBHC twouve li nan yon lekòl epi li disponib pou elèv ki enskri nan lekòl sa a. SBHC yo ofri yon varyete sèvis medikal primè, sosyal, sante mantal, ak edikasyon sou lasante, ki gen ladan, men pa limite a:

- Egzamen sante ak vizit pou timoun an bòn sante,
- Dyagnostik ak tretman pou blesi ak maladi
- Dyagnostik ak swivi kontinyèl pou pwoblèm sante kwonik yo,
- Sèvis planifikasyon familyal ak sante repwodiktif
- Sèvis dantè tankou egzamen bouch ak tretman ak fliyò, epi
- Kèk SBHC gen klinik dantè ki ofri tou netwayaj, plonbaj, ak lòt sèvis prevansyon ak restorasyon.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, tanpri rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).